

# Fon Atenyasyon FEMA Ede Pwopriyetè Kay Yo Rebatì Kay Yo Pi Solid

Release Date: July 28, 2023

**LAKE MARY, Florida** – Jiskaprezan 1 928 pwopriyetè nan Florid resevwa lajan nan men FEMA pou rebati kay yo pi solid apre gwo tanpèt, inondasyon ak tònad nan Broward County.

Kòm yon pati nan angajman li pou ogmante detèminasyon, FEMA bay plis pase \$628 mil pou asistans atenyasyon pou pwopriyetè kay yo.

Pwopriyetè kay ki apwouve pou asistans pou reparasyon kay atravè Pwogram Pou Moun ak Pou Fwaye a ka resevwa lajan anplis pou mezi atenyasyon espesifik. Finansman pou mezi atenyasyon yo bay pou rezidans prensipal pwopriyetè ki abite nan kay la ak atik espesifik ki domaje ak lakòz domaj. Pou plis enfòmasyon vizite: [Diminisyon Danje Anba Pwogram Endividyèl ak Fwaye FEMA.gov](#).

Paske katastwòf yo ka rive san zatann, lè ou pran mezi sa yo pou ranfòse, repara ak rekonstwi li enpòtan pou detèminasyon kominote a ak pèsonèl. Yo ka kouvri mezi atenyasyon sa yo pou aplikan ki kalifye yo:

- Reparasyon do kay pou yo ka reziste a pi gwo vitès van epi ede anpeche pou dlo pa antre.
- Mete yon aparèy chofaj dlo oswa yon founo pi wo pou evite domaj inondasyon nan lavni.
- Mete yon pano elektrik pi wo oswa deplase l pou evite domaj inondasyon nan lavni.

Mezi sa yo pral pèmèt pwopriyetè kay diminye domaj dezalavni ak chans pou asistans federal nan lavni ta nesèsè.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre gwo tanpèt, tònad ak inondasyon, vizite [floridadisaster.org/info](https://floridadisaster.org/info) ak [fema.gov/disaster/4709](https://fema.gov/disaster/4709). Swiv [FEMA Region 4 \(@femaregion4\) / Twitter](#) ak nan [facebook.com/fema](https://facebook.com/fema).



FEMA

Page 1 of 1